Mwen Konnen

Nou sètènman yon pèp privilejye pou nou isi a maten an, pou nou vivan sou tè a, pou wè yon lòt gwo sezon Pak. Pak toujou pote yon—yon bagay sitèlman gloriye pou nou, nouvo espwa, epi—epi ala sa bèl!

2 E jis antan m t ap antre nan chanm dèyè a la, maten an, yon moun te rankontre m pou di: "Frè Branham, ou sonje ti bebe a—a, oswa timoun lan, oswa moun, ou te priye pou li Chautauqua lane pase a, ke yo te sipoze chanje kè l la, ak vav, oswa yon bagay ki t ap fikse sou li," te di, "ti bebe a te geri, e li nan bilding lan maten an, an reyalite, li chita isi a maten an." Alò se byen, nou pral gen yon ti temwayaj sou sa jis, petèt, anvan nou kòmanse lòt sèvis la. E nou jis se yon pèp kontan.

3 Kounye a m ap mande Frè Neville si l vle fè lekti Ekriti a nan Matye oswa Lik, youn nan yo, sou rezirèksyon an, si nou poko li l deja. Èske w li l, Frè? [Frè Neville di: "Non."—Editè a.] Kidonk, pandan n ap prepare nou pou priye.

4 E kounye a apre sèvis sa, se va sèvis gerizon an, apre sèvis sa fini, alò n al pran ti dejene nou, answit, apre sa, n ap retounen ankò a nevè edmi pou kòmanse yon lòt sèvis, e apresa sèvis gerizon an ap swiv sa, epi apre sa ap gen sèvis batèm.

5 E ala yon bon moman pou fè batèm! O, la la! Rezirèksyon an, se pou sa nou batize, paske Li te resisite.

6 Mwen sonje anvan nou te gem batistè nou isi a, mwen te konn mennen moun yo desann nan rivyè a anba la, byen bonè, fè fre, tankou maten ki fè frèt, pou batize moun yo anba la nan rivyè a. Gen yon bagay konsènan sa ki, se, jis yon moman sakre, Pak, se yon gwo moman.

M t ap gade Frè Pat Tyler ki te chita la.

7 Mwen te jis ap pale a yon moun yè swa, ke, dènye reyinyon nou an nan Oklahoma, mwen te eseye, m ap eseye kounye a, e m ap anonse sa, pou mete de kote jouk Bondye ta rele m pou fè l, ansyen ministè disèneman m lan, paske m panse, nan kòmansman an, se-. . . nouvo ministè a t ap vini.

8 Lòt jou swa, pèsonn pa t konn anyen sou sa, mwen te teste l sou yon timoun ki t ap vanse sou estrad la, li te fèt avèg, yon ti bebe, e li te totalman avèg, yon ti gason apeprè sèzan, e jis imedyatman li te lage yon rèl: "Frè Branham, mwen ka wè!" Epi la, Pat te, Ty-. . . te kanpe toupre, toupre ti gason an, lè je l te louvri pou premye fwa nan tout vi l. E kifè, mwen gen konfyans ke nou menm la, ak gwo atant, ansanm avè m, m ap tann yon bagay, ke Bondye va fè pou nou, pou mennen nou nan yon lòt nivo kote nou te ye a.

Annou koube tèt nou kounye a pou lapriyè.

9 Byeneme Papa nou ki nan Syèl la, alòske nou rasanble maten an, la nan ti legliz ki bò wout la, nou gen rekonesans, tout bon, pou Ou, pou tout sa sa vle di pou nou, e espesyalman jou maten Pak sa, si pa t gen Pak, nou pa t ap nan kondisyon nou ye jodi a, men se Pak sa ki te sele tout pwomès Bondye yo, li te konfime yo pou nou, tout bagay ke Li te janm pwomèt, tou sa te vin yon reyalite jou Pak la, youn nan pi gwo jou selebrasyon ke nou ka genyen nan ane a.

10 E nou mande, Seyè, jodi a, ke Ou va konsole kè nou pandan nou chita, ap tann, avèk antisipasyon pou wè Sentespri a, Ki te vini apre Pak, pou vini nan kè nou epi pou rekonfòte nou, epi retabli fwa nou ak gwo mezi pwisan, pou nou ka mennen lavi ke Jezi te òdone nou pou nou mennen an.

11 Nou priye pou chak endividi an patikilye, e espesyalman pou sa yo ki pa ka soti e ki pa ka al nan okenn sèvis jodi a, Bondye, rete avèk yo. E ke—ke Pak sa vin, yon reyèl Pak pou yo, pou yo leve kite kabann yo, e pou yo gen yon nouvo sante ke yo pa t janm konnen anvan nan lavi yo. Akòde l, Seyè.

12 Ke chak predikatè, chak sèvitè Ou genyen atravè mond lan jodi a, k ap selebre gwo jou souvni sa, pèmèt yo gen onksyon, ak fòs, ak Pwisans, pou pote bay kongregasyon yo, ayo k ap tann lan, Manje ke Bondye te rezève pou pèp Li a. Akòde l, Seyè. N ap tann pòsyon nou an, ak imilite, nan Non Seyè Jezikri. Amèn.

13 Nou pral mande Frè Neville kounye a pou li Ekriti rezirèksyon an.

[Frè Neville di: "Matye 28:"—Editè a.]

[Lè jou repo a te fin pase, dimanch maten byen bonè, Mari, moun lavil Magdala a, ak lòt Mari a te al vizite kavo a.]

[Yo rete konsa, epi tè a pran tranble byen fò: yon zanj Bondye desann soti nan syèl la, li vini, li woule wòch la sou kote, lèfini li chita sou li.]

[Li te klere tankou yon zèklè, rad li te blan kou lanèj:]

[Gad yo te sitèlman pè, yo pran tranble, yo tonbe atè tankou moun ki mouri.]

[Men, zanj lan pran pale, li di fanm yo, nou menm, nou pa bezwen pè: mwen konnen se Jezi n ap chache, nonm yo te kloure sou kwa a.]

[Enben, li pa isit la: Li leve vivan jan L te di a. Vini wè kote L te kouche a.]

[Apre sa, prese al di disip li yo li leve soti vivan nan lanmò; Li gen tan pran devan yo ale nan peyi Galile; se la y a wè li: se sa m te gen pou m di nou.]

[Fanm yo kouri kite kavo a yo te pè men an menm tan tou yo te kontan; yo t ap kouri pote nouvèl la bay disip yo.]

[Yo rete konsa, yo wè Jezi parèt devan yo, li di yo: Bonjou, medam. Yo pwoche bò kote l, yo kenbe pye l, yo adore li.]

[Jezi di yo, Nou pa bezwen pè: Ale di frè m yo pou y al nan Galile, se la y a wè mwen.]

[Antan medam yo te nan wout toujou, nan gad ki t ap veye kavo a te genyen ki te gen tan tounen lavil la, yo rakonte chèf prèt yo tou sa ki te rive.]

[Lè sa a chèf prèt yo reyini ak chèf fanmi yo, yo fè plan yo ansanm, yo bay sòlda yo yon gwo lajan,]

[Epi yo di yo, se pou nou di se disip Li yo ki te vin vòlò kò a pote ale lannwit antan nou t ap dòmi.]

[Si pawòl la tonbe nan zòrèy gouvènè a, n a konnen ki jan pou n pale avè l pou nou menm, gad yo, nou pa nan traka.]

[Sòlda yo pran lajan an, yo fè jan yo te di yo fè l la: se konsa, popagann sa a gaye pami jwif yo jouk jounen jòdi a.]

[Onz disip yo ale sou ti mòn nan peyi Galile a, kote Jezi te di yo ale a.]

[Lè yo wè l, yo adore li: men, te gen nan yo ki pa t fin kwè nèt.]

[Jezi pwoche bò kote yo, li di yo konsa: Mwen resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a.]

[Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a:]

[Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè: Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba. Amèn.]

14 [Espas vid sou kasèt la—Editè a.] . . . ajoute benediksyon L yo sou lekti Pawòl Li.

15 Bon nou ta vle di, anonse ankò la, ke sèvis yo, nan maten, ap kontinye jiska nevè edmi, osito ke nou fini sèvis sa, . . . sèvis maten an la. Epi apresa . . . nou rele l sèvis leve solèy nou. E nou, nou gen kèk gwo bagay pou rapòte ba nou konsènan reyinyon yo—yo ki deja pase. E nou vle ke noumenm ki malad e ki aflije, nou tout, vini avèk fwa maten an, pou kwè ke Jezi resisite sa ap viv jodi a, e Li jis se menm lan ke L te toujou ye, Li pa chanje ditou.

16 Kounye a mwen vle li yon ti pòsyon Ekriti la, nou jwenn nan chapit 19 Jòb la, m ap kòmanse avèk vèsè 15 la:

Ata, . . .sèvant lakay mwen, pa rekonèt mwen: pou yo, yo pa janm konnen m.

Si mwen rele yon domestik, li pa reponn *mwen; mwen te mèt lapriyè nan pye l, li pa okipe m.*

Madanm mwen pa ka pran sant mwen, ata pwòp pitit mwen yo pè pwoche bò kote m.

Tout timoun ap pase m nan betiz. Si m fè yon ti kanpe, yo pase m nan tenten.

Pi bon zanmi m yo ap gade m ak degoutans: sa m pi renmen yo ap pale sou do m.

Mwen tounen *zo ak po, sa ki rete pou m mouri a pa anyen.*

Nou se zanmi m, pitye pou *mwen, pitye* pou *mwen zanmi m; se Bondye menm ki* te *mete men sou mwen.*

Poukisa pou nou leve dèyè m tou menm jan ak Bondye, koulye a, nou pa pèsekite m kont nou?

Si sèlman te gen *yon moun pou kouche pawòl mwen yo! pou* ekri *yo sou papye!*

Pou grave yo ak sizo sou wòch plat, pou yo toujou rete make.

Paske mwen konnen . . .redanmtè mwen an vivan, epi li pral kanpe nan dènye jou a sou tè a:

Apre m fin mouri . . .l ap mete m kanpe bò kote l, m a wè Bondye ak pwòp je m:

Se mwen menm menm k ap wè l . . .se p ap yon lòt moun; kè m ap fann.

17 Mwen ta renmen pran kòm sijè la, ke w jwenn nan Jòb 19 sa, *Mwen Konnen*.

18 Patriyach la nan epòk sa a te on ti jan tankou nou jodi a, li te nan gwo pwoblèm, jan nou di l la, nan *gwo dlo*, e li te dezespere. Pandan plizyè jou li te konn chita sou pil sann, pou ap eseye jwenn kèk pawòl pou konsole l, ap eseye jwenn yon bagay ki ta ba l kouraj, epi yon bagay ki ta—ta yon rekonfò pou li pandan ke l t ap gade lavi l k ap deperi kite l.

19 Pou kòmanse, li te yon nonm aje, ki te gen anviwon katrevendizan, e li te frape pa men Bondye. Bon, nou konnen Bondye pa t manyen l ak men L, men Bondye te pèmèt Satan manyen l. Bondye sèlman gen ajan pou fè bagay yo, si Bondye vle ke yon move bagay fèt, Li jis itilize Satan pou fè l; e si L vle fè byen, Li gen sèvitè Li yo ke Li itilize pou fè l.

20 E Satan te touche Jòb pou yon sèl rezon, se te pou teste l, paske limenm ak Bondye te gen yon deba. E Bondye te di Satan ke: “Mwen gen yon sèvitè sou tè a, pa gen pèsonn tankou l.

Kèlkeswa sa m di l, l ap fè l, li se yon nonm pafè, e yon nonm jis."

Epi Satan te reponn: "Si W livre l ban mwen, m ap fè l modi W nan figi W."

21 Jòb, pa t konsyan ke tout bagay sa yo t ap pase, sa te plonje patriyach la nan yon pwofon detrès. Poutan, de tout fason, lè tout bagay te chape nan men l, li te toujou gade pozisyon l nan—nan Kris, "Mwen konnen Redanmtè m lan vivan," se sa l te di.

22 Bon nou tout, nou konn rive nan sitiyasyon sa yo. E mwen kwè ke jodi a, nou rasanble isi a pou yon bagay tankou menm objektif sa. Nou tout sou pil sann lan, nou gen pwoblèm pa nou, ak monte desann nou yo, epi move moman nou—nou yo, ak maladi nou yo, epi kè kase nou yo, ak desepsyon nou yo, kifè nou vini konsa, nan yon maten, maten Pak sa a, pou jwenn kèk pawòl de rekonfò, tankou Jòb t ap eseye jwenn nan men zanmi l yo.

23 Ankenn nan yo pa t ka ba l ankenn konsolasyon, akoz de pwoblèm li a, yo te akize l kòmkwa li te yon pechè an sekrè. Alò, nan mitan tout pwoblèm sa yo, Bondye te vin pote l sekou.

24 Jòb t ap poze tèt li kesyon, jan l te konnen an, non sèlman maladi li ak ilsè l yo, epi pwoblèm ak chagren, poutèt li te pèdi fanmi l ak tout richès li, li te jis sou pwen pèdi vi l, men li te yon nonm aje, byen avanse an aj, epi konsyan ke li ta pral desann nan tonm. Epi, konsyan ke, li te kwè ke te gen yon moun ki te mennen l sou tè a, li jis pa t ka rive la pa pwòp tèt li. E li te konnen ke li te vin de yon papa ak yon manman, men, poutan, papa ak manman sa te dwe gen yon moun pou mennen yo isi a; sa t ap fè nou retounen annaryè a lorijin, "Kimoun ki te mennen premye, moun lan?"

25 Epi li t ap mande tèt li sa: "Se yon bagay etranj ke men mwen, k ap mache tout kote, yon vi siperyè a sa bèt la genyen, epi yon vi siperyè a vi plant lan, men poutan nou wè ke," li te di, "si pyebwa a mouri, l ap viv ankò, e si yon—yon flè mouri, l ap viv ankò. Men," li di, "lòm blayi atè, li rann nanm li, e kote li? Pitit li yo vini pou fè dèy li epi pou onore l, e limenm li pa konsyan de sa." E li t ap mande tèt li: "Kisa k genyen, si—si Bondye ta pèmèt yon vi konsa reviv ankò, menm jan ak flè ak plant yo, men yon nonm pa ka reviv ankò?" Tout bagay sa yo te boulvèse l.

26 E si nou jis vle sèvi nou de sa pou abouti a yon konklizyon maten an! E se pou sa nou isi a. Nou te tande istwa Pak la, ankò e ankò, epi nou te li l ale tounen, e jodi a, nan emisyon radyo nou yo, nou va tande diferan minis k ap abòde l. Men sa m te panse, pou ti gwoup mwen an maten an, ke Seyè a te ban mwen, M t ap abòde l apati de yon pwennvi diferan si m te kapab, pou m poze kesyon an: Poukisa nou rive nan pwoblèm sa yo? Kisa k fè bagay sa yo vini? Poukisa yon Kretyen ta dwe janm twouble? Poukisa tout bagay pa ta jis pafè pou yon Kretyen? Men se pa konsa, e nou konn sa.

27 E pafwa nou gen plis pwoblèm lè nou vin yon Kretyen ke lè nou te pechè. Natirèlman, Li ekri: "Anpil afliksyon rive jis la, men Bondye delivre l de yo tout." Bondye te pwomèt anpil afliksyon, santiman etranj, ak bagay etranj ki t ap depase konpreyansyon nou, men sa toujou rive pou byen nou, nou jis pa ka konprann sa, paske si nou te konprann sa, alò se pa t ap lafwa pou nou, nou t ap repoze nou sou yon konpreyansyon. Men nou fè l, e nou genyen l, e nou kwè pa lafwa, Pawòl Li, ke sa pral pwodui kèk bon bagay pou nou. Si nou te ka konprann sa jodi sa, maten—maten sa! Si nou te ka konprann ke tout pwoblèm nou yo, e pa gen youn nan nou ki a labri de yo, e si nou te ka reyalize ke bagay sa yo se pou byen nou!

28 Li ekri, nan youn nan Ekriti yo nan Bib la, ke, "Eprèv yo ki vin sou nou, yo pi presye pou nou pase lò limenm," paske se Bondye k ap ban nou eprèv sa yo. Apre nou vin pwopriyete Li, konfesyon nou ak batèm nou, ak pwomès nou pou ap mache pou Li nan vi sa a, alò chak eprèv ki vin sou nou se pou pèfeksyone nou pou glwa Li, se pou mennen nou nan yon plas kote Bondye ka rann Tèt Li pi reyèl pou nou ke L te ye anvan eprèv la vini.

29 M vle jwenn Jòb maten an, pou m di ke m te viv ase lontan pou m konnen ke se Laverite. Mwen te wè sa nan pwòp vi m, ke chak fwa yon gwo sitiyasyon parèt, ke m pa ka pase akote l, oswa chape oswa pase sou tèt li, Bondye fè yon chimen, pou m soti gloriye. M jis ap mande m kijan gras Li te janm fè sa, poutan Li fè l.

30 Epi sonje, nan tout bagay sa yo, Satan ap eseye rann nou enève, epi deranje nou, pou fè nou panse, "O, poukisa *sa* te rive? Poukisa m pa t ka genyen l *konsa*?"

31 Sa fè kèk jou lè m te soti kote ki pi bèl, e ki pi sipèb mwen te janm wè nan tout vi m, se te gwo bilding frè nou an, Oral Roberts. Lè m te wè mab solid sa a, san yon sèl fenèt ladann okenn kote, men se jan li te byen ranje a! M te al Hollywood e m te al nan palè wa, e mwen te al tout kote posib, ou prèske, atravè lemonn, ak tout plas chik, bèl kote epi bèl kay, men mwen pa janm wè anyen, ankenn kote, pou konpare avè l, ankenn kote ditou, jan ti fil aliminyòm yo trese anndan an—an ansanm, e, o, mwen pa janm wè anyen tèlman sipèb nan tout vi m, lè m te mache la, epi m te pran men m pou ap fwote pilye, ak—ak bèl granit sa yo, tout bagay sou fòm yon trinite Pè, Fis, e Sentespri, eskilti yo—yo, tout bagay sa yo. M te fèk sot kay Frè Tommy Osborn, pou m te wè gwo, zèv pwisan li pou Seyè a la.

32 M te kanpe deyò a, pou ap gade bilding sa a, e m te panse: "Bondye, se sèten m vin yon ipokrit, se sèten m vin yon rejte, kèkpa, paske ministè mesye sa yo soti de ministè pa m." E m te panse: "Kisa? Petèt mwen tèlman pa diy de konfyans, Seyè, ke W pa ka konfye m yon bagay konsa. Menm ti, kèk dola ke Ou ban mwen pou peye pou kanpay yo ak bagay sa yo, kounye

a y ap eseye voye m nan penitansye pou sa. Poukisa mwen se yon tèl ipokrit, oswa poukisa mwen se yon tèl moun ki pa diy de konfyans?" Mwen te sou pil sann lan, tankou Jòb, nan tan lontan.

33 Lè m te kanpe deyò a la, m te apèn ka pran souf mwen, devan yon tèl grandyozite, ke yon pòv ti gason ki te fèt nan yon ti chomyè, ke yon Pannkotis, te ka akonpli bagay epi rive gen gwo bilding jigantès sa a. E m te panse: "O Bondye, petèt mwen pa diy."

34 Jis nan moman sa yon ti Vwa te desann atravè koridò sa yo, pou di: "Men Mwen se pòsyon pa w."

35 Alò m te panse: "O Seyè Bondye, o, jis kite sa rete konsa, la, Seyè. Mwen, paske mwen pa t ap gen entèlijans pou an chaj yon gwo travay konsa pou Ou, e mwen se yon—yon analfabèt. Men, osi lontan ke Ou se pòsyon pa m, mwen se pa W, e Ou va kondui m. M p ap ka kondui tèt mwen, men, O Seyè, kondui m!"

36 Se moman enpòtan sa yo ki pouse nou sou teren sab sakre sa yo, se te nan Bib la. Epi sonje, kèlkeswa jan detrès la gran, Satan pa ka pran vi w jiskaske Bondye fini avè w. Pa gen anyen ki ka rive w sof si Bondye pèmèt li, pa gen ankenn mal ki ka vini sòf si Bondye pèmèt li, e se pou byen w ke L ap aranje sa.

37 Annou reflechi, la lè inondasyon an te vini pou detwi mond lan, li pa t ka detwi Noye. Noye pa t ka detwi, paske Bondye te gen yon travay pou li pou l fè.

38 Yon jou, anba a nan yon kokenn nasyon anba gwo esklavaj, te gen kèk timoun Ebre ke nou idantifye kòm Chadrak, ak Mechak, ak Abèdnego. Epi sa te rive nan yon pwen kote yo te dwe pran yon desizyon, kote yon bagay te dwe fèt, yo te gen, fwa yo—yo—yo te teste.

39 E lè yo mete fwa w a leprèv, lè sa piga w fayi, rete dwat ak sa w kwè.

40 E lè fwa yo te mete a leprèv (Epi yo te pase yon moman kritik, non sèlman yo t al sou yon—yon pil sann, men yo te rantre nan yon founo dife, men Satan pa t ka detwi yo, paske bi Bondye a po t ko ankò akonpli.), yo te ka antre la ak espwa sa: "Mwen konnen ke Redanmtè m lan vivan!" Yo te ka antre la ak espwa sa la: "Nou gen asirans ke Bondye kapab delivre nou soti nan founo dife sa a, men, kanmenm, nou p ap koube devan estati a."

41 Satan pa t ka pran yo. Li pa t ka nwaye Noye nan delij la, jiskaske objektif Bondye a te atenn. Li pa t ka boule timoun Ebre yo, jiskaske bi Bondye a te atenn. Li pa t ka touye Jòb ak ilsè ak pwoblèm, jiskaske objektif Bondye a te atenn. Ni lyon yo pa t ka manje Danyèl, jouk bi Bondye a te atenn. Lanmò ak vyeyès pa t ka pran Abraham non plis, jiskaske objektif Bondye a te atenn.

42 E li pa ka pran w non plis, oswa li pa ka pran m, jouk bi Bondye, pou lavi nou, atenn. Alò, apati de la, nou jwenn konsolasyon.

43 E poukisa Bondye pèmèt pwoblèm vini? Bondye itilize pwoblèm, mete brid nan bouch li pou fè l obeyi L, e pwoblèm sa yo mennen nou nan yon kominyon ki pi pwòch ak Bondye.

44 Pa t gen lakansyèl anvan delij la te vini, men apre ke Noye te fòse antre nan kondisyon sa ke l te ye a, pou ap flote pandan karant jou e karant nwit, nan yon tanpèt, epi ti lach la t ap monte desann sou dlo a, se te apre delij la te fini, ke l te wè lakansyèl la pou premye fwa, alyans espwa a, alyans pwomès la. Apre l te fin pase pa tribilasyon an, lè sa li te wè pwomès la.

45 Se konsa ou wè pwomès la, se apre ou fin pase pa tribilasyon an. Mwen te renmen powèm sa, oswa, sòm sa:

> Èske yo dwe pote m Lakay nan Syèl la
> Sou yon kabann ak flè alèz,
> Pandan ke lòt yo te goumen pou ranpòte pri a,
> Epi te navige nan lanmè san?

46 Nou mande konfò ak lapè, Bondye ba nou meyè bagay ke Li te ka ba nou: eprèv ak tribilasyon, sa pi bon pase konfò ak lapè, konfò nou jis pi lwen lòtbò rivyè a.

47 Se te jiskaske timoun Ebre yo te fòse antre nan founo dife a, nan youn nan eprèv ki pi eksepsyonèl pa yo, ke yo te wè Youn tankou Pitit Bondye a kanpe nan mitan yo. Pwoblèm yo te pwodui Pitit Bondye a ki te kanpe nan mitan yo, ak evantay, pou fè vag chalè a ale. Men se pa anvan yo te antre nan dife a ke Konsolatè sa te parèt.

48 Se te Danyèl ki te pran rezolisyon nan kè l ke li pa t ap souye tèt li ak bagay monn lan, e yo te fòse l nan yon eprèv, pou konnen si l ta pral priye Bondye oswa ale nan fose lyon yo. Men se te apre yo te monte presyon an, pou yo te jete l nan fose lyon yo, se, apre sa, ke l te wè Anj Seyè a kanpe nan mitan, pou kenbe yo lwen, gwo Kolòn Dife sa te kanpe ant limenm e lyon yo, e lyon yo pa t ka pran l. Paske li te pase atravè eprèv ak tantasyon ak pwoblèm, li te konnen ke Bondye l la te kapab delivre l de sa.

49 Se te Abraham, apre li te fin wè tè a vin arid, epi sechrès la t ap enstale, epi Lòt te separe tèt li pou desann al viv nan liks lemonn, se te apre li te fin tande jemisman ak kri bèje l yo paske pa t gen zèb pou betay li yo, malgretou li te rete nan peyi ke Bondye te ba li a epi te di rete ladann lan, se te nan jou sa, apre yo te fin mete l a leprèv jouk nan fen pasyans li—li, se te nan jou sa a ke, lè epèv la te fini, li te pale fas a fas avèk Elohim anba pye bwadchenn lan jou sa.

50 Se te apre l te fin soufri eprèv li yo, apre li te fin pase atravè pwoblèm ke li te ladan yo a, ke Bondye te parèt devan l sou fòm yon Nonm, pou chita la epi di l ke li marye e ke madanm li rele Sara, pou di ke li t ap ri Li, nan tant dèyè L la. Se la ke Abraham te rele L *Elohim*. Se te apre eprèv ak tribilasyon.

51 O, si Legliz te ka sèlman pran konsyans jodi a, pou L konstate ke apre pwoblèm ak eprèv, epi *griyen dan* ak *pase nan betiz*, bagay ke Legliz la te andire, Legliz Pannkotis, ke n ap wè Bondye nan mitan nou, ap akonpli gwo siy, ak bèl mèvèy.

Apre traka ak pwoblèm jounen an,
Apre tout bagay fin pase,
Alò nou va wè Jezi anfen.

Li va ap tann mwen, Jezi tèlman jis e fidèl,
Sou bèl twòn Li, Li va akeyi nou Lakay
Apre jou a fini.

Pandan l fè jou, annou travay.

52 Tout gwo mesye sa yo, sa t ap retire anpil nan sèvis maten nou an pou w ta ap mansyone yo, yo te pase atravè eprèv, pou yo te wè Bondye, yo te pase atravè eprèv, pou yo te wè Zanj, yo te pase atravè eprèv, epi revelasyon, pou yo te wè siy ak bèl mèvèy, ak lòt bagay, men, o, ankenn ladan yo pa t wè sa Jòb te wè. Tout mesye yo, apre yo te fin wè Zanj yo, epi wè Bondye, ak tout bagay sa yo, yo pa t janm wè anyen pou ba yo espwa pi lwen depase tombo a. Men Jòb te wè rezirèksyon an, li te wè jou Pak la, li te wè *bagay* ki rekonfòte tout kè. Alò lè l te wè l, "O, ke pawòl mwen yo ka enprime nan yon liv! O, si yo te ka grave yo ak yon plim an fè nan wòch la!"

53 Ou wè, se, tout bagay te tounen kont li, menm, pwòp sèvitè l yo pa t vle pale avè l, madanm li te tounen yon etranje. Men li ki te chita, sou pil sann lan, gwo eprèv sa, e legliz te vini, e li te vire do ba li, pandan sèt jou. E pa t gen pèsonn pou konsole l!

54 Alò li dwe te wè vizyon jou Pak la, lè l te rele fò, "Mwen konnen Redanmtè m lan vivan, e nan dènye jou yo Li va kanpe sou tè a. Mwen konnen! O, si pawòl mwen yo te ekri ak yon plim an fè nan yon wòch, pou pawòl mwen yo pa t janm ka efase, paske mwen konnen Redanmtè m lan vivan! Mwen konnen! Mwen konnen!"

Kisa w konnen, Jòb?

"Mwen konnen ke Redanmtè m lan vivan."

Èske w remake? Non sèlman te gen yon Moun ki t ap viv, men Li te yon Redanmtè pou Jòb.

55 O, ke Non Seyè a beni! Mwen tèlman kontan ke mwen fè pati de jou Pak la, ke mwen fè pati de rezirèksyon sa! E nou fè pati de sa maten an, paske nan noumenm Lavi rezirèksyon sa a abite (noumenm ki se patisipan an) ki te pwodui Pak la. "Mwen konnen ke Redanmtè m lan. . . "

"Kisa w konnen?"

M p ap fè devinèt sou sa, nou gen twòp devinèt jodi a. "Mwen konnen ke Redanmtè m lan vivan." Wi, mesye.

56 Kounye a kisa Li te ye? Si L te vivan, Li te yon Redanmtè pou Jòb. "Pou mwen," pèsonèl, *pa m*, "Redanmtè m lan vivan!"

E ki lòt bagay ou konnen, Jòb? Kisa w te wè nan vizyon sa?

57 "E nan dènye jou yo, Li va kanpe sou tè a. E menm si vè yo detwi kò m, kanmenm nan chè m mwen va wè Bondye, Sila a m va wè pou tèt mwen an. Mwen konnen Redanmtè m lan vivan, e L ap kanpe nan dènye jou a sou tè a. Menm si ren m yo ta fonn anndan m, menm si vè yo detwi kò m, kanmenm nan chè m mwen va wè Bondye." Se la a ki te gen pi gwo vizyon an.

58 Danyèl te wè yon Anj, timoun Ebre yo te wè Pitit Bondye a, Noye te wè lakansyèl la, Abraham te wè Bondye, fas a fas, men Jòb te wè rezirèksyon an. Jòb t ap tann, tout patriyach yo ak sen ekstraòdinè yo, nan Bib la, t ap tann jou sa a avèk asirans, atravè vizyon yo, atravè revelasyon yo, ke gen yon tan rezirèksyon ta pral vini.

59 Kounye a nou wè gwo zèv k ap fèt, nou wè gwo pwisans Bondye, nou wè gwo bagay ke Li te ka fè. Ou pa t ka gade solèy la epi—epi pa konnen ke se Pwisans Bondye ki mennen mond sa ap vire toutotou sou solèy sa. Ou pa t ka wè yon prentan vini san w pa konnen ke te gen yon Bondye. Ou ka wè gerizon avèg, soud tande, konnen se Bondye. Men e si se te tout sa ki te genyen, epi apre nou te mouri nou t al fè wout nou? Men rezirèksyon an, Pak la, o, se sa ki te sele tout bagay ke Bondye te janm pwomèt, se te rezirèksyon an.

60 E dwe gen yon krisifiksyon, anvan ou ka gen yon rezirèksyon. E anvan Legliz ka wè yon Pwisans resisite, anvan m ka janm wè yon nouvo ministè pran pozisyon mwen menm, anvan ou ka janm antre nan yon nouvo kominyon ak Bondye, dwe gen yon krisifiksyon pwòp tèt ou pou ka gen yon rezirèksyon. Nou dwe mouri a pwòp panse nou, mouri a pwòp fason nou yo, mouri a tout bagay ki antoure nou, travèse eprèv ak tribilasyon, pou nou ka wè yon nouvo rezirèksyon, yon nouvo Vi. Anvan yon pechè ka janm vin yon Kretyen, gen yon lanmò ki dwe vini, apresa yon rezirèksyon.

61 Anvan Abraham te ka wè Bondye, te dwe gen vennsenkan eprèv. Anvan timoun Ebre yo te ka wè Pitit Bondye a, yo te dwe antre nan yon founo difè. Anvan Danyèl te ka wè yon Anj, li te dwe ale nan fòs lyon an. Anvan Jòb te ka janm wè rezirèksyon an, li te dwe antre epi pèdi tout bagay li te genyen; men apresa, nan yon vizyon, li *te wè*.

62 E si Jòb pa yon vizyon te ka tèlman fèm sou yon pwomès, konbyen plis nou ta dwe fè sa, apre ke Kris te resisite pami mò yo pou L te vin Pran devan sila yo ki t ap dòmi, pou voye Sentespri a tounen tankou yon so pwomès la, sou nou, pou noumenm tou nou ka viv? "Paske m ap viv, n ap viv tou." Nou wè gran Prezans Li nan mitan nou, ap travay, ap fè menm siy ak bèl mèvèy ke Li te fè sou tè a, ap bannou espwa, epi nou rive nan rezirèksyon

an, epi apresa nou rete sou pil sann nou yo. Ann kite pil sann lan jodi a, ak yon nouvo vizyon, ak yon nouvo Pwisans, avèk yon nouvo detèminasyon ke nou wè Bondye nan Pwisans Li, nou wè rezirèksyon bagay k ap vini yo.

63 Nou nan moman lanmò a, nou chita nan papòt lanmò, nasyon yo nan papòt lanmò. Larisi te dekouvri yon nouvo zam la, jan nou tout te tande nan radyo a, ak lòt bagay, yo pa oblije vin bò isi a pou eksploze l ak yon bonm, yo ka jis pote yon ti bagay la, epi konfye l bay espyon l yo, epi lage yon ti bagay nan nenpòt nasyon, e tout moun ap paralize pandan vennkatrè.

64 Y ap vini, epi lè w reveye ap gen yon Ris k ap ba w kout pye bò kòt ou, yon gwo gad Ris k ap pran kontwòl lakay ou, vyole madanm ou, voye pitit nou yo deyò nan lari a, epi pran kay nou. Yo ka fè l, yo pa t ap pèdi yon sèl bagay, yo genyen l, pèsonn pa konnen ki sa l ye. Ou wè, tout bagay ap mennen nou la? Kounye a yo ka itilize sa epi yo pa bezwen pè l, paske pa gen ankenn lòt moun ki genyen l.

65 Nou pa konn kijan sa pral rive, kisa k pral rive, men nou konn yon sèl bagay, ke nou sou pil sann lan, nasyon an, sou pil sann lan, mond lan sou pil sann lan. E paske mond lan sou yon pil sann, mwen tèlman kontan ke Lespri Bondye ka vini, e nou ka di: "Mwen konnen Redanmtè m lan vivan, e nan dènye jou a Li va kanpe sou tè sa." Yon jou Li va vini.

Se pa etonan powèt la te ekri:

> Nan vivan, Li te renmen m; nan lanmò, Li te sove m;
> Antere, Li te pote peche m yo byen lwen;
> Nan rezireksyon, Li te jistifye gratis pou tout tan:
> Yon jou L ap vini—o, jou glorye!

66 Sa te pran yon Jetsemane, ak gout San ki te travèse po L, anvan la a, e sa te pran yon soufrans kriyèl sou Kalvè a, anvan prèv yon Bondye Etènèl te vini kòmkwa Li te ka resisite mò. Sa te pran yon—sa te pran yon Jetsemane ak yon Kalvè, pou fè jou Pak la, sètènman.

67 Kijan apot sa yo, jou maten sa, lè yo te tèlman dekouraje, jouk Pyè te di: "Mwen tèlman dekouraje, mwen kwè mwen pral jis retounen al fè lapèch ankò, mwen pral tounen desann. Mwen—mwen te wè L . . . "

68 Yo te gen gwo espwa, e yo te kwè, ak tout bagay, jouk gran moman, sonb sa a. Kisa Bondye t ap fè? Li t ap mennen apot sa yo nan yon pil sann, Li t ap mennen yo nan yon plas kote yo t ap—yo t ap gen lafwa yo konfime pou yomenm.

69 Epi Pyè te di: "Mwen—mwen wè L ap fè gwo mirak nan tout peyi Galile, men, o, Li etann laba, kadav frèt nan tonbo a. Mwen kwè mwen pral jis desann nan lanmè a maten an epi lanse yon

filè, epi jis al fè lapèch. Petèt mwen ka gade lòtbò lanmè a laba a, epi m ap wè sa k ap pase. Mwen sonje m te wè L lè L t ap tann nou bò rivaj la. Mwen kwè mwen pral jis desann."

Apot yo te di: "Ou konn yon bagay? Mwen kwè mwen pral jis ale avè w." O, yo te tris, yo t ap kriye jouk je yo te anfle.

70 Ala nou konn ale nan plas sa yo! Ala nou konsyan! Nou tout abitye ak bagay sa yo.

71 M sonje lè m te depoze yon presye laba a nan tonbo a, anlè tèt kolin laba a, ke yo rele Simityè Lès la, oswa, Simityè Walnut Ridge. M te depoze yon ti bebe la, e m te konn kriye nan bra manman l, jouk m te kriye jouk m pa t ka kriye ankò. M te fè tout sa m te konnen, jouk, m te pran yon fizi pou m eseye komèt swisid; M te nan yon moman *konsa*. E se te nan moman sa a, nan ti chanm sa anwo a la, sou jenou m yo, ke syèl la te louvri, Mwen te wè l kanpe la nan mayifik imòtalite a. Se nan moman sa ke m te santi bra l vin sou zepòl mwen, pou di: "Bill, ou pa konprann, nou tèlman miyò pase w."

72 Ou wè, sa pran yon krisifiksyon. Sa pran yon flè ki kraze, pou degaje pafen an ladann; sa pran yon vi k ap kraze, pou w ka jwenn pi bon pati ki genyen an. Se pou rezon sa a ke yo te dwe kraze Jezi, pou te fè sòti sa L te ye a. Li pa t ka kanpe devan krisifiksyon an, pou di: "Yo remèt tout pouvwa nan Syèl la ak sou tè a nan men M." Men apre Krisifiksyon an, Li te ka kanpe, epi di: "Yo remèt tout pouvwa nan Syèl la ak sou tè a nan men M!" Men kisa sa te fè? Sa te egzije krisifiksyon an premye.

73 Sa te pran kraze zo ak desepsyon apot yo. Yo te wè Sovè yo a, Sila yo te renmen an, e yo te menm wè L resisite mò yo—soti nan tonbo, yo te wè L ap fè sa, epi apresa panse: "Men Li ki etann, frèt nan tonbo a, Limenm, maten an."

74 Sa te pran, moun sa yo ki te wè L louvri je avèg, te wè L kanpe la pou ap disène menm panse ki te nan kè moun yo, "Kijan L te fè pa konnen," yo t ap di, "ke yo te vin dèyè L? Kijan L te fè pa konnen? Poukisa Li pa t konnen Jida ta—t ap trayi L? Poukisa Li pa t konnen ke sòlda yo t ap monte sou mòn yo, ak baton ak epe, ak tout bagay, pou yo te pran L, si L te ka disène panse yo?"

75 Ou wè, dyab la t ap travay sou yo, ap mete yo sou yon pil sann, paske yo te vle ba yo yon temwayaj tankou "Mwen *konnen*," pa "Mwen *devine*" oswa "*petèt* se sa," "Mwen *konnen*! Mwen *konnen*!"

76 Epi sonje, eprèv sa yo vin sou ou menm fason an, pou w pa ap di: "Ebyen, *petèt* Sa a se vre, *petèt* Ekriti a se vre, *petèt* gerizon divin lan kòrèk, *petèt* Sentespri a se vre," men lè w gen eksperyans sa epi w soti sou pil sann lan, epi ou jwenn revelasyon Bondye, pa batèm Sentespri a, ou ka rele, "Mwen *konnen* Redanmtè m lan vivan, paske L ap viv nan mwen."

77 Pyè di: "M pral fè lapèch."

Apot yo di: “Mwen kwè mwen pral jis ale avè w.”

78 Epi yo te la, sou pil sann yo, anba la nan mitan lanmè a, e pwoblèm lan t ap kontinye ap akable yo, e m ka tande youn nan yo di: “O, kijan sa fè rive, Pyè? Kijan yon bagay konsa te fè posib, ke yon Nonm tankou L te ka mouri? Ki jan yo te ka mete L nan tonbo fason yo te fè avè L la? Kijan L te ka fè kanpe pou kite yo krache nan figi L, epi rache bab, mete kouwòn sa sou tèt Li? Kijan L te ka fè sa, o, epi toujou rete Bondye? Mwen jis pa ka konprann li.” O, ala yon desepsyon!

79 Toudenkou, yo te gade bò rivaj la, jis menm jan de revelasyon Jòb te genyen an, la yo te wè sa Jòb te wè kat mil an anvan, Redanmtè a te kanpe la, vivan epi fre, kanpe sou rivaj la, ak yon dife deja fèt, epi pwason te kwit sou li *konsa*, epi te di, te envite yo:

> Jezi gen yon tab ki deplwaye kote sen Bondye yo nouri,
> Li envite pèp li chwazi a “Vin manje;”
> Ak lamàn Li Li nouri epi founi chak sa nou bezwen;
> O, sa dous pou soupe ak Jezi tout tan!

Ala nou ka reflechi sou, kijan sa te pran gwo bagay sa yo!

80 Kijan ke, Pòl apot la, gran apot sa ki te pase nan moman difisil pa l lè l te temwen lanmò Etyèn, pou l te wè ti figi l ki t ap gade nan direksyon Syèl la, ak wòch yo ki t ap frape nan figi l, epi li te gade anwo, epi li te di: “Mwen wè Syèl la louvri, mwen wè Jezi kanpe sou bò dwat Bondye.” Li te di: “Seyè, pa mete peche sa sou kont yo.

81 Epi Pòl, ki te kenbe manto yo, sa te mete l pandan dè semèn apre semèn sou pil sann lan, ap mache ale vini, jouk lespri l te twouble, jouk li te sou wout li pou desann Damas, pou eseye goumen sòti nan sa, tankou yon nonm ki pral chache yon boutèy wiski, k ap eseye nwaye chagren l.

82 Li te nan mitan sa, lè yon Vwa te soti nan Syèl la, gwo, Limyè klere a te di: “Sòl, Sòl, poukisa w ap pèsekite M?” Li te wè L, Li te rekonèt Li, ke Li te Jezi resisite a, Sila ke li te temwaye lanmò a, te resisite ankò.

83 O, m ka sonje pwòp vi m, sou wout destriksyon an, lè m te tande yon Vwa dous, “Mwen se Jezi, mwen te mouri yon fwa, mwen vivan pou tout tan, paske m ap viv, w ap viv tou.” Depi tan sa, m te mete men m nan men pa L, m te fè L konfyans tout kote sonb yo. Lè moman yo rive kote m pa ka wè nan ki direksyon m prale, mwen toujou fè L konfyans.

84 Chak kwayan Kretyen dwe pase pa eprèv sa yo, tout kwayan Kretyen dwe mete l sou pil sann lan, pou l ka vini ak yon eksperyans, “Mwen konnen ke Redanmtè m lan vivan!”

85 Nou pa vin isit la maten an jis pou chita ap pale sou kèk zafè istorik, ke tout sa se vre, men nou vin isi a ak yon temwayaj maten an: "Mwen konnen ke Jezikri se Pitit Bondye a, Mwen konnen l san lonbraj yon dout! Mwen konnen ke Li te resisite pami mò yo, e L ap viv nan mwen jodi a, Li se pa mwen e mwen se pa L, mwen se yon eritye ansanm avè L, nan Wayòm Bondye a!"

86 Pak! Pak pote yon gwo bagay, yon rezirèksyon, yon nouvo espwa. Èske w genyen l maten an? Èske l nan kè w? Èske w konnen ke Redanmtè w la vivan, e Li fè tout bagay mache ansanm?

Ou di: "Frè Branham, m chita la, ap tann liy priyè a."

87 Bondye ap travay sa jis egzakteman pou byen an. Poukisa ti gason presye sa, lòt jou, te vin avèg lè l te fèt? Pou Bondye te ka jwenn glwa, epi vire yon vil tèt anba. Sèten, Bondye konnen sa L ap fè, Bondye konnen. E Li mete nou sou pil sann lan, pou l montre nou glwa Li.

88 Kifè, maten an, mwen di sa, zanmi, apre tranteyen lane ministè, apre tranteyen lane travay nan chan an, mwen vle rann temwayaj mwen sou sa: Mwen te konn desepsyon, M te viv moman m te mande dè bagay, e m te kriye pou bagay, e m te sipliye pou bagay yo, e m pa t jwenn yo, men si m jis ret tann Bondye avèk pasyans, alò mwen konnen ke tout bagay ap mache egzakteman jan l ta dwe, tout bagay pral fini egzakteman jan l ta dwe, paske Li fè egzakteman sa ki jis.

89 Lè m te pèdi ti bebe m lan, ti Sharon mwen an, mwen, se te sèl bagay ki te fè m bite, Mwen te di: "Kijan sa ka fè pou byen? Kouman sa ka fè pou byen?" Epi plizyè mwa pita, lè m te wè l kanpe la nan tout bote yon jèn fi, ap pale avè m, m te kanpe bò vye konntenè sa a, dekouraje, la, M te konnen, si l te viv li te ka mal tounen, Bondye te dwe pran l pandan l te sansib e dous. Mwen konnen m ap wè l ankò, mwen konnen m ap wè l, mwen konnen sa san ankenn dout.

90 M ap panse a madanm mwen ki te gen venndezan, ke yo te pran, ki te jis apèn yon ti fi, yon ti manman la. Lè jounal yo bay tit nouvèl la, "Yon Jèn Manman, madanm yon Reveran, Mouri," o, ala senyen kè m te senyen! M pa t konn kisa pou m fè.

91 Men jodi a mwen konnen tout bagay t ap mache pou byen mwen, Mwen konnen vi a te dwe pilonnen, epi tòde, epi prije, pou jwenn sa k ladann, ki te ladann, pou fè l soti, te gen twòp *Branham* anndan la, sa te dwe prije anvan Bondye te ka fè konnen Tèt Li.

92 Te gen twòp *oumenm* nan ou, jouk Bondye te oblije prije sa soti, atravè eprèv. E pandan ke kraze zo sa t ap fèt, sa difisil, men apre yon ti tan, syèl la retounen klè, alò ou wè bi Bondye, alò ou rele fò: "Mwen konnen Redanmtè m lan vivan, e nan dènye jou yo Li va kanpe sou tè a, menm si vè yo detwi kò sa, kanmenm nan chè m m ap wè Bondye." Ti eprèv ak bagay sa yo se jis pou yon

moman, e yo efase epi disparèt, men yo sèlman vini pou byen w, annou sonje sa, pou Bondye ka jwenn glwa.

93 Èske nou ka bese tèt nou jis yon moman. Mwen vle mande, anvan lapriyè, èske gen nenpòt isi a ki ta renmen ke yo sonje yo nan yon mo priyè anvan nou fini? Bondye beni w. Konbyen isi a ki ta di, "Mwen vle ke Bondye, nan moman eprèv mwen kounye a, ban m yon nouvo eksperyans, pou m ka vin nouvo ankò"? Leve men w, di: "Mwen vle—mwen vle pou sa a vin yon rezirèksyon pou mwen, yon jounen Pak, pou resisite m ak nouvo espwa, nouvo pwisans, nouvo sante, ak nouvo jwa." Seyè a beni nou, moun cheri m yo.

94 O Bondye nou ak Sovè nou, nou tèlman gen rekonesans anvè W pou Pak sa, pou sa l vle di pou kè nou. Epi pa lafwa, byen lwen lòtbò a, atravè peyi a, nou ka wè Vini Seyè a, Jezi, pandan L ap prepare Tèt Li kounye a, ap mete rad wayal Li; epi Legliz ap abiye l, Epou a, ap mete sou li wòb nòs Manzè, pral gen yon gwo reyinyon trè byento.

95 Pil sann sa a pa ka kanpe pou tout tan. Lè n ap tande moun k ap ri, k ap pase nou nan betiz, pou ap rele nou non enferyè sa tankou *sen eksite*, epi y ap pase nou nan betiz, epi di ke nou pa menm byen nan tèt, o, sa pa ka dire tout tan, Seyè, men annou rete tankou Jòb, kenbe temwayaj nou, annou vin tankou Danyèl non fòs lyon an, oswa timoun Ebre yo nan founo dife a, oswa Abraham nan vwayaj li.

96 Ede nou, O Seyè, pou nou rete fidèl jiskaske nou wè gwo bagay sa ap fèt, "Lè twonpèt la va sonnen, e mò nan Kris yo va resisite, noumenm ki vivan e ki rete va chanje, nan yon moman, nan yon bat je," alò jounen Pak sa va vini pou nou, ke Kris te jwi sa fè anviwon milnèf san lane, maten an, pou di: "Paske m ap viv, noumenm tou n ap viv."

97 "Menm Jezi sa, ki te anlve nan mitan nou, va retounen menm jan L te pati a." Nou va wè L, menm chak mak nan men L ak chak mak pikan sou tèt Li, nou va wè L.

O, m va konnen L, m va konnen L,
E antanke rachte m ap kanpe bò kote L.

98 Wi, Seyè, pòv kè mwen, alòske kò fèb mwen sa a kòmanse ap koube anba chay la, sousi ak travay chan mwason yo, chan misyon yo, ak bon epi move moman yo, ak endiferans ant minis awogan yo, e latriye, atravè peyi a, epi moun yo k ap meprize, ak pwisans malefik yo! Men, O Seyè, yon jou n ap vin tankou Eli, anba nan rivyè a, pou ap gade lòtbò a, charyo Dife k ap pote nou ale yo, byen atache, nan chak touf bwa. Fè nou konnen ke pil sann sa yo se sèlman vwal ki anpeche nou wè gwo bagay sa ki jis ap tann pi devan an, gwo glwa sa.

99 Pèmèt ke nou rete fidèl tankou Jòb, jiskaske nou ka wè L, fas a fas. Pèmèt ke nou rete fidèl menm jan ak Seyè nou an, antanke egzanp nou, pou al sou Kalvè, pou nou, prè pou yo krisifye nou,

epi krisifye avèk Li, pou ka gen yon rezirèksyon nan lavi nou. Akòde l, Seyè.

100 Pèmèt ke, si gen moun k ap kòche lòt moun la, ki te tankou Pòl otrefwa, ki te konn ap moke, pèmèt ke yo jwenn jou Pak la sou wout lakay yo maten an. Akòde l, Seyè.

101 Nou priye, Seyè, ke sa yo ki sou pil sann destriksyon an, pil sann maladi, ke se va moman ke yo va delivre.

102 Yè swa, m t ap pale ak ti fanm sa deyò a nan trelè a, ak mari l, sou kijan laba nan Phoenix, yo te nan yon kondisyon grav, ak gwo kansè sa yo ki te ret kole la sou yo, e kounye a jodi a yo pafètman an sante e yo pòte yo byen. E ti bebe a ke yo ta pral retire kè a, chita isi a nan bilding lan maten an, nòmal, an sante. Yon ti gason avèg ki te konn mache nan fènwa e ki pa t janm wè lajounen, ap mache jodi a e li wè limyè lajounen. E, O Bondye, ala nou remèsye W pou sa! E tou sa se ap gade pi lwen vwal la, pou gran jou rezirèksyon sa. Akòde l, Papa.

103 Epi kite yo konnen ke bagay sa yo te dwe konsa, ke sila yo, ti gason avèg sa ki te ka wè a, ke timoun piti a ki te gen pwoblèm kè a ka bay lòt yo yon temwayaj, tout bagay sa yo ap mache ansanm pou byen sila yo ki renmen W yo.

104 Tout sa te rann posib pou nou paske te gen Youn ki te obeyisan nan eprèv, te gen Youn Ki te reyisi tès la, se te Jezi, Sila Ki te tèlman obeyisan a Papa a, jouk Papa a te resisite L nan maten Pak la "paske li pa t posib pou lanmò te kenbe L. Paske Mwen p ap pèmèt Sen M lan wè kòripsyon, ni Mwen p ap kite Nanm Li nan lanfè. Paske yo te jwenn Li fidèl, li toujou ap fè sa ki fè Papa a plezi."

105 Bondye, pèmèt ke nou toujou rete fidèl nan pòs devwa nou, kèlkeswa eprèv nou yo ak pwoblèm nou yo, kèlkeswa sa yo. . . ke nou kapab di, toujou, "Mwen konnen ke tout bagay travay ansanm pou byen sila yo ki renmen Bondye." Akòde l, Papa.

106 Nou beni moun sa yo, maten an, ak benediksyon W yo. Yo te soti bonè kite kay yo, yo te vin nan tabènak la, yo te vini pou jwenn konsolasyon, pèmèt ke yo al lakay yo maten an, ak Pwisans Sentespri a k ap boule nan kè yo, ap mache sou wout la tankou sila yo ki te soti Emayis, ap di: "Èske kè nou pa t ap boule anndan nou, antan L t ap pale avèk nou sou wout la?" Akòde l, Papa. Mwen remèt yo ba Ou kounye a, nan Non Seyè Jezikri. Amèn.

Trè byen, Frè Neville.

107 Kounye a sonje sèvis yo. Nou p ap gen kat priyè maten an, paske, si nou gen kat priyè, toutotan m gen moun sa yo ki kanpe la konsa, m ap toujou konte sou don sa. Mwen dwe jwenn yon plas jiskaske m mete sa de kote, kote m ka mache soti la epi m ka. . .

108 Mwen pè, sanble mwen pè, e mwen pè ke m va fè yon erè. Pèdi yon batay, se pa pèdi yon gè. Patton te pèdi plizyè batay, men li pa t janm pèdi yon gè. Se vre. E n ap pèdi anpil batay, tou, men nou pa p pèdi gè a. M ap fè anpil erè, men m p ap pèdi Kòz la, Bondye te bay li, e Bondye va pran swen li, se—se onksyon an.

109 E kounye a li lè, mwen kwè ke li lè, kounye a m ap kòmanse, kòm se Pak jodi a, Mwen pral kontinye—kontinye, jan m te fè la ap priye pou malad yo. E si m ka . . . Se onksyon an, se yon bagay ki dwe rive anndan m, mwen pa twò abitye avè l, li vini yon tèl fason, petèt mwen pa kapab detekte l kòrèkteman, men mwen dwe kontinye ap fè sa jiskaske mwen rekonèt li chak fwa, konsa se va jou ke m va eseye, ak gras Bondye.

110 Seyè a beni nou kounye a. Frè Neville. E sèvis yo va rekòmanse, ankò, a nevè edmi. Frè Neville.

60-0417s Mwen Konnen
Branham Tabènak
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2025 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org